Mazano eVechidiki

Rangarira Musiki wako pamazuva oujaya hwako, mazuva akaipa asati asvika, kana makore asati aswedera, pauchati, Handifariri izvozvo; **Muparidzi 12:1**

... nekuti kufunga kwemoyo wemunhu kwakaipa kubva paudiki hwake.... **Genesisi 8:21**

Kudza baba vako naamai vako; kuti mazuva ako ave mazhinji panyika yaunopiwa naJehovha Mwari wako. **Eksodho 20:12**

Kana vakamuteerera vakamushumira, vachapedza mazuva avo mukubudirira, nemakore avo muzvinofadza. Asi kana vakasateerera, vachapera nemunondo, vachafa vasina zivo. Asi vanyengeri mumoyo vanozviunganidzira hasha; havachemi kana achivasunga. Vanofa vachiri vadiki, uye hupenyu hwavo huri pakati pevasina kuchena. **Jobho 36:11-14**

Nokuti ndimi tariro yangu, Ishe Jehovha; ndimi chivimbo changu kubva paudiki hwangu. Ndakatsigirwa nemi kubva mudumbu; ndimi makandibvisa mudumbu raamai vangu; kurumbidzwa kwangu kucharamba kuri kwamuri. **Mapisarema 71:5-6**

Jaya ringachenesa sei nzira yaro? Nekuiteerera sezvinoreva shoko renyu. **Mapisarema 119:9**

Mwanakomana wangu, usazvidza kuranga kwaJehovha; usaneta nekuranga kwake: Nokuti Jehovha anoranga waanoda; sababa mwanakomana waanofarira. Zvirevo 3:11-12

Zvirevo zvaSoromoni. Mwanakomana akachenjera anofadza baba; asi mwanakomana benzi anosuwisa amai vake. Zvirevo 10:1

Teerera baba vako vakakubereka, usazvidza amai vako kana vakura. Zvirevo 23:22

Fara, iwe jaya, paudiki hwako; moyo wako ngaufare pamazuva ehudiki hwako, ufambe nenzira dzemoyo wako, nepakuona kwemeso ako; asi ziva kuti Mwari achakuunza pakutongwa nekuda kwezvinhu izvi zvose. Naizvozvo bvisa shungu pamoyo wako, ubvise zvakaipa panyama yako; nekuti udiki nehudiki hazvina maturo. Muparidzi 11:9-10

Hauzivi here? Hauna kunzwa here, kuti Mwari usingaperi, Jehovha, Musiki wemigumo yenyika, haaneti, haaneti? Hakuna kunzvera kunzwisisa kwake. Anopa simba kune vasina simba, uye anowedzera simba kune vasina simba. Kunyange majaya achaneta uye achaneta, uye majaya achawa zvachose. Asi avo vanomirira Jehovha vachawana simba idzva; vachabhururuka nemapapiro semakondo; vachamhanya uye havazoneti; uye vachafamba uye havazoneti. Isaya 40:28-31

Ipapo vana vaduku vakauya kwaari, kuti aise maoko ake pamusoro pavo, avanyengeterere. Vadzidzi vakavatsiura. Asi Jesu akati, “Regai vana vaduku, musavadzivisa kuuya kwandiri, nokuti umambo hwokudenga ndohwavakadai.” Akaisa maoko ake pamusoro pavo, akabva ipapo. Mumwe munhu akauya kwaari akati, “Mudzidzisi, ndingaita chinhu chakanaka chipi kuti ndiwane upenyu husingaperi?” Akati kwaari, “Unondiidzireiko wakanaka? Hakuna munhu akanaka kunze kwomumwe chete, iye Mwari; asi kana uchida kupinda muhupenyu, chengeta mirairo.” Akati kwaari, “Ipi?” Jesu akati, “Usauraya, Usaita upombwe, Usaba, Usapupura nhema, Kudza baba vako naamai vako, uye, Ida muvakidzani wako sezvaunozviita.” Jaya racho rakati kwaari, “Zvose izvi ndakazvichengeta kubva paudiki hwangu; chii chandinoshaiwa?” Jesu akati kwaari, “Kana uchida kuva akakwana, enda unotengesa zvaunazvo upe varombo, uye uchava nepfuma kudenga; uuye unditevere.” Asi jaya rakati ranzwa shoko iri, rakaenda richishungurudzika, nekuti raiva nepfuma zhinji. Mateo 19:13-22

Vana, teererai vabereki venyu munaShe; nokuti ndizvo zvakarurama. Kudza baba vako naamai vako; (ndiwo murairo wekutanga une chipikirwa;) kuti zvikufambire zvakanaka, ugare nguva refu panyika. **VaEfeso 6:1-3**

Munhu ngaarege kuzvidza ujaya hwako; asi uve muenzaniso wevatendi, pashoko, pamufambiro, parudo, mumweya, pakutenda, pakuchena. **1 Timoti 4:12**

Tizawo kuchiva kwehujaya; asi tevera kururama, kutenda, rudo, rugare, pamwe chete nevanodana kunaShe nemoyo wakachena. **2 Timoti 2:22**

Uchenjeri hunosvika kubva kumugumo mumwe kuenda kune mumwe nesimba; uye hunoronga zvinhu zvose nounyoro. Ndaimuda, ndikatsvaga kubva paudiki hwangu, ndaida kumuita mukadzi wangu, uye ndaida runako rwake.
Uchenjeri hwaSoromoni 8:1-2

Nditeererei baba venyu, imi vana, uye itai izvozvo mushure maizvozvo, kuti mugare makachengeteka. Nokuti Jehovha akapa baba rukudzo pamusoro pevana, uye akasimbisa simba raamai pamusoro pevanakomana. Munhu anokudza baba vake anodzikinura zvivi zvake; uye anokudza amai vake akaita seanounganidza pfuma. Munhu anokudza baba vake achafara nevana vake; uye paanonyengetera, achanzwikwa. Munhu anokudza baba vake achararama kwenguva refu; uye anoteerera Jehovha achanyaradza amai vake. Munhu anotya Jehovha achakudza baba vake, uye achashandira vabereki vake, sevanoshandira tenzi vake. Kudza baba vako naamai vako mumashoko nezviito, kuti chikomborero chiuye pamusoro pako kubva kwavari. Nokuti chikomborero chababa chinosimbisa dzimba dzevana; asi kutukwa kwaamai kunodzura nheyo. Usazvikudza mukunyadziswa kwababa vako; nokuti kuzvidzwa kwababa vako hakusi kukudzwa kwako. Nokuti kukudzwa kwemunhu kunobva mukuremekedzwa kwababa vake; uye amai vanoshorwa vanonyadzisa vana. Mwanakomana wangu, batsira baba vako pazera ravo, usavashungurudza mazuva avo ose. Uye kana kunzwisisa kwavo kukanganisika, iva nemoyo murefu navo; uye usavazvidza kana wava nesimba rako rose. Nokuti zororo rababa vako harizokanganwiki: uye panzvimbo pezvivi richawedzerwa kuti rikusimbise. Pazuva rekutambudzika kwako richarangarirwa; zvivi zvako zvichanyungudukawo, sechando mumwaka unodziya. Munhu anosiya baba vake akaita semunhu anomhura Mwari; uye anotsamwisa amai vake akatukwa naMwari. **Muparidzi 3:1-16**

Mwanakomana wangu, unganidza kudzidziswa kubva paudiki hwako, kuti uwane uchenjeri kusvika pakukwegura kwako. **Muparidzi 6:18**

Kudza baba vako nemoyo wako wese, uye usakanganwa kutambudzika kwaamai vako. Rangarira kuti wakaberekerwa navo; uye ungavatsiva sei zvavakakuitira? **Muparidzi 7:27-28**

Chenjerera mwana wako, uye achakutyisa: tamba naye, uye achakutambudza. Usaseka naye, kuti urege kuchema naye, uye kuti urege kugeda-geda mazino ako pakupedzisira. Usamupe rusununguko achiri mudiki, uye usanyemwerera upenzi hwake. Kotamisa mutsipa wake achiri mudiki, uye umurove pamativi achiri mudiki, kuti arege kuomesa musoro, uye asakuteerera, uye nokudaro uunze kushungurudzika mumoyo mako. **Muparidzi 30:9-12**